

Pwogram Tibebe-Timoun Piti Etap pa Etap

Yon apèsi sou etap fanmi ou ka pran pandan yo nan Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti a.



PREMYE PA YO: KÒMANSE

1

Referans

- Nenpòt moun, menm yon paran, ki gen enkyetid konsènan pitit ou a ka refere li nan Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti a.
- Ou ka fè referans yo pa telefòn, faks, alekri, oswa an pèsòn bay Ajans Sèvis Devlopman Timoun (CDSA) lokal la.
- Lè yo resevwa referans lan, y ap asiye yon Kowòdinatè Sèvis Entèvansyon Bonè pou ede fanmi ou.

Premye Kontak yo

2

- Pandan premye kontak ou yo ak yon kowòdinatè sèvis ansanm ak lòt anplwaye CDSA yo, y ap poze w kesyon sou pitit ou a, devlopman li, ak istwa medikal li.
- Premye reyinyon sa yo ap ede nou konnen enkyetid ak priyorite nou antanke fanmi, fòs pitit ou a kounye a, ak domèn ki bezwen amelyorasyon, ansanm ak siksè ak defi nou ka rankontre nan woutin chak jou nou yo.

Evalyasyon ak evalyasyon

3

- Pou nou ka detèmine si pitit ou a kalifye pou sèvis Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti, yo ka fè yon evalyasyon sou kapasite aktyèl pitit ou a.
- Enfòmasyon yo rasanble atravè yon evalyasyon ap montre nou fòs pitit ou a ak nenpòt domèn devlopman ki ta ka benefisye de sipò entèvansyon bonè.

PWOCHEN ETAP YO: SÈVIS

4

Plan Sèvis Fanmi Endividalize (IFSP)

- Yon fwa yo jije pitit ou a kalifye pou Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti a, yon kowòdinatè sèvis ap gide devlopman yon IFSP.
- Devlopman inisyal IFSP a dwe fèt nan 45 jou apre referans lan.

5

Livrezon Sèvis yo

- Pitit ou a ap resevwa sèvis yo jan sa dekri nan IFSP a.
- Sèvis ki nan lis nan IFSP a ta dwe kòmanse pa pita pase 30 jou apre fanmi an fin devlope epi siyen IFSP a.

6

Revi IFSP yo

- Tank bezwen pitit ou a ak fanmi ou ap chanje, sipò ak sèvis yo ka bezwen chanje tou.
- Y ap revize IFSP a omwen chak sis mwa pou asire li toujou koresponn ak priyorite ou yo ak bezwen pitit ou a ak fanmi ou.
- Ou ka mande yon mizajou oswa yon revizyon IFSP ou a nenpòt ki lè.

7

Tranzisyon

- Timoun yo kite Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti a lè yo pa kalifye pou pwogram nan ankò oswa lè yo gen twa zan.
- Plan tranzisyon yo dekri nan IFSP a.

ETAP KI PRAL FÈT YO: KITE PWOGRAM NAN

Paran yo ka chwazi kontinye nan pwòp rit yo, sispann detèminasyon kalifikasyon an, oswa retire kò yo nan pwogram nan nenpòt ki lè.

